

# Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy Shriver Center

Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health

@IRCABH  
774-455-4056

www.massairc.org  
airc@umassmed.edu



Foto rekadre de yon gwoup moun yo pa ka idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

## Dyagnostike Otis la

Yon dyagnostik otis ka fèt pa yon doktè oswa yon sikològ ki gen eksperyans nan dyagnostik ak tretman otis, ak yon ekspètiz nan domèn devlopman oswa timoun/adolesan, selon ka a. Pifò moun resevwa yon dyagnostik sou twoub espèk otistik (TSA) nan men espesyalis (pedyat ki espesyalize nan devlopman konpòtmantal, neyològ, newopsikològ). Sepandan, dyagnostik yon espesyalis pa nesèsè pou zafè asirans.



Ti gason azyatik andikape ak yon ti fi otis k ap aprann kolorye/penn lekèl la

### Ki eleman ki nesèsè pou etabli yon dyagnostik ?

Gen kritè estandadize pou ede dyagnostike TSA. Yoibliye pa American Psychiatric Association nan yon liv ki rele Manuel dyagnostik ak estatistik (DSM), ki kounye a rive nan senkyèm edisyon li (DSM-5). Yon rezime kritè yo disponib nan adrès sa a: <https://www.autismspeaks.org/autism-diagnostic-criteria-dsm-5>

## Èske yon dyagnostik TSA obligatwa pou jwenn tretman otis?

Wi. Lwa Massachusetts la, An Act Relative to Insurance Coverage for Autism (ARICA), egzije pou asirans prive kouvri tretman ki medikalman nesesè pou moun ki resevwa yon dyagnostik otis. MassHealth mande tou yon dyagnostik otis pou moun ka gen aksè a terapi ABA (Applied Behavior Analysis), selon dispozisyon lwa omnibus sou otis. Moun ki pa gen yon dyagnostik TSA jeneralman pa gen aksè a terapi ABA, men yo ka benefisye de kouvèti pou lòt tretman konpòtman nan kad yon asirans prive ak/oswa MassHealth.

## Ki dokiman asirans lan mande pou li aksepte kouvèti tretman otis?

Chak asirans gen pwòp kritè li pou evalye nesesite medikal pou demann otorizasyon yo. Kritè sa yo ka enkli direktiv ak enfòmasyon sou dyagnostik la. Sepandan, dyagnostik TSA a dwe baze sou determinasyon yon klinisyen ki itilize kritè estandadize DSM-5.

## Èske gen tèspesifik ki obligatwa?

Klinisyen yo itilize plizyè zouti pou dyagnostike otis. Kritè DSM-5 yo pa prevwa okenn tèspesifik. Kritè nesesite medikal konpayi asirans yo ka refere a sèten tèspesifik, men yo pa ta dwe egzije yon tèspesifik oswa yon seri tèspesifik obligatwa. Se klinisyen an ki dwe detèmine ki tèspesifik ak zouti dyagnostik ki nesesè pou evalye chak pasyan endividyèlman epi etabli dyagnostik la. Nòt: Pou timoun ki gen mwens pase 3 zan, yon pedyat oswa yon lòt klinisyen ka konfime yon dyagnostik TSA sou baz yon evalyasyon klinik san tèspesifik. Sepandan, tèspesifik adisyonèl ap nesesè pou kontinye resevwa otorizasyon apre timoun nan fin gen 3 zan.

## Pitit mwen an resevwa yon dyagnostik otis nan men pedyat li. Èske li ka jwenn tretman?

Wi. Yon pedyat ki resevwa enfòmasyon oswa ki gen anpil eksperyans nan dyagnostik ak travay ak timoun otis ka fè yon dyagnostik. Yon fanmi ka toujou vle fè tèspesifik adisyonèl ak resevwa rekòmandasyon nan men espesyalis, men dyagnostik yon pedyat ki gen eksperyans ta dwe sifi pou bezwen asirans lan.

## Èske asirans lan ka rejte oswa konteste yon dyagnostik?

Asirans yo ka mande plis enfòmasyon oswa refize yon otorizasyon si pa gen ase dokiman ki sipòte dyagnostik la. Si ou menm ak founisè swen sante pitit ou kwè ke dyagnostik la byen dokimante ak tèspesifik evalyasyon ki apwopriye, ou ka fè apèl kont refi asirans lan atravè yon rekou entèn, epi si sa nesesè, atravè yon rekou ekstèn. Remake ke anplis de lwa ki espesifik pou otis, gen lòt lwa sou "parite" ki egziste pou anpeche konpayi asirans yo mete sipèvizyon twòp oswa egzije kondisyon twò estrik pou sèten maladi espesifik.

## Kisa ki fèt si gen mank dokiman oswa si rapò yo pa konplè?

Founisè swen sante yo ak fanmi yo dwe travay ansanm pou jwenn plis enfòmasyon posib. Klinisyen ki te fè dyagnostik inisyal la ka kapab bay rapò ranplasman si sa nesesè. Evalyasyon ak tèspesifik lekòl yo kapab genyen enfòmasyon itil epi yo ka soumèt yo ansanm ak demann otorizasyon an.



Gwoup divèsifye timoun ki alonje epi k ap gade kamera a

***Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak asistans, kontakte CRI nan 774-455-4056 oswa voye yon imel nan [airc@umassmed.edu](mailto:airc@umassmed.edu)***

***Fich enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt nou an nan [www.massairc.org](http://www.massairc.org),***

***Eskane kòd QR la pou konsilte fich enfòmasyon sa a anliy***



**[https://bit.ly/\\_3EAtGk8](https://bit.ly/_3EAtGk8)**

---

**Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal** (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmantral Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Elemantè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te aktyalize pou dènye fwa an 02/2025.**

UMass Chan Medical School

55 Lake Avenue North Worcester, MA 01655-0002

**Copyright © 2025 University of Massachusetts - Tout dwa rezève.**